

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kaparigelan nulis nyaéta salah sahiji kaparigelan anu kudu dikawasa dina pangajaran basa. Kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji kamampuh anu penting salian ti tilu kamampuh basa lianna. Tarigan (2013, kc.3) nétélakeun yén nulis mangrupa hiji kaparigelan basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung, jeung salaku kagiatan anu produktif jeung éksprésif.

Dina pangajaran nulis, salah sahijina aya nulis carita pondok. Nulis carita pondok ieu aya di SMA/SMK/MAK kelas XI, saluyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Mulok Mata Pelajaran Bahasa Sunda Berbasis Kurikulum 2013 revisi 2017 Jenjang SMA/SMK/MAK (2017, kc. 38), siswa kudu bisa nganalisis eusi, struktur, jeung aspék kabasaan teks carita pondok anu satuluyna siswa kudu bisa nulis carita pondok sederhana ku cara merhatikeun struktur jeung kaédah kabasaan.

Tapi dina prak-prakanana, nulis téh teu gampang. Hal anu matak hésé nyaéta nyangking ideu tulisanna. Saluyu anu ditétélakeun ku Rosidi (2009, kc. 35) salian ti héséna meunangkeun ideu, nalika nulis sok hésé dina nyieun paragraf anu kohéren. Ku kituna diperlukeun tarékah guru pikeun nepikeun matéri pangajaran sangkan siswa bisa ngarti jeung kamampuh nulis siswa bisa ngaronjat.

Kurangna motivasi siswa dina pangajaran hususna pangajaran nulis carita pondok bisa dibaluarkeun ku kurangna tarékah guru pikeun ngirut panitén jeung motivasi siswa. Ieu hal bisa dibaluarkeun ku kurangna tarékah guru pikeun maké média dina pangajaranna sangkan nyieun pangajaran anu teu monoton anu ahirna bisa ngahontal tujuan pangajaran.

Pikeun ngahontal tujuan pangajaran, diperlukeun média anu bisa jadi alat pikeun nepikeun materi ka siswa. Media pangajaran téh penting sangkan bisa nepikeun matéri ka siswa sacara leuwih efektif pikeun ngahontal tujuan diajar. Nurutkeun Arsyad (2013 kc. 3), média nyaéta asal kecapna tina basa Latin *medius* anu hartina ‘tengah’ atawa ‘panganteur’. Dina basa Arab, média nyaéta panganteur pesen ti nu ngirim ka panampa.

Média pangajaran *gambar berséri* ieu dipiharep bisa jadi alternatif media pangajaran pikeun guru dina pangajaran nulis carita pondok, ogé pikeun panalungtik bisa mikanyaho média naon anu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis carita pondok.

Cindekna, dina ieu panalungtikan salian ti ayana pasualan saméméhna, anu jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan téh nyaéta di Departemén Pendidikan Bahasa Sunda acan kungsi aya nu nalungtik ngeunaan média *gambar berséri* anu dilarapkeun dina pangajaran nulis carita pondok basa sunda. Aya sababaraha skripsi anu maluruh ngeunaan média *gambar berséri*, salah sahijina aya panalungtikan ku Prilianty (2017) anu judulna *Penggunaan Media Gambar Berséri Dalam Pembelajaran Menulis Karangan Narasi Bahasa Prancis Mahasiswa Semester V*. Dina éta panalungtikan didadarkeun yén kamampuh siswa dina nulis karangan narasi sanggeus maké média gambar berséri jadi ningkat. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta dina objek panalungtikanna anu objekna mahasiswa sedengkeun dina ieu panalungtikan ieu objekna nyaéta siswa SMA, jeung pangajaran anu ditalungtikna nyaéta pangajaran nulis narasi dina basa Prancis sedengkeun ieu panalungtikan dina pangajaran nulis carita pondok dina basa Sunda.

Saterusna aya deui panalungtikan séjén ti Ria Rizky Permatasari (2013) anu judulna *Penggunaan Média Gambar berséri dalam pembelajaran bahasa indonesia untuk meningkatkan keterampilan menulis narasi siswa kelas V SDN Klampok 01 Singosari*. Dina éta panalungtikan diguar kumaha pamakéan média *gambar berséri* dina siswa SD ngagunakeun panalungtikan Tindakan Kelas atawa PTK. Dina éta panalungtikan diguar yén kamampuh siswa kelas V SDN Klampok 01 téh ngaronjat.

Mutiara Fadilla, 2019

MÉDIA GAMBAR BERSÉRI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Patali jeung éta hal, panulis ngarasa perlu ayana panalungtikan ngeunaan média *gambar berséri* pikeun ngajembaran média dina pangajaran basa Sunda. Satulunya ieu panalungtikan baris maluruh ngeunaan kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus maké média *gambar berséri* jeung kumaha ngaronjat atawa henteuna média *gambar berséri* ieu pikeun pangajaran nulis dina basa Sunda hususna dina pangajaran nulis carita pondok.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan anu medar ngeunaan Média gambar berséri perlu dilaksanakeun anu satulunya dirumuskeun dina judul *Média Gambar Berséri pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung Taun Ajar 2018/2019)*. Ku kituna, média anu dipaké dina ieu dipiharep bisa jadi salah sahiji alternatif média pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis carita pondok.

1.2 Rumusan Masalah

Nurutkeun kasang tukang anu dipedar di luhur, masalah dina ieu panalungtikan baris dipedar saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun média gambar berséri?
- b. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung Taun Ajar 2018/2019 sanggeus ngagunakeun média gambar berséri?
- c. Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média gambar berséri dina pangajaran carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung Taun Ajar 2018/2019?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan secara umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji évektivitas média pangajaran *gambar berséri* anu satuluyna dipiharep bisa méré hiji alternatif média ka guru dina pangajaran nulis carita pondok di kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung sangkan mikanyaho ngeunaan média nu di pedar dina ieu panalungtikan pikeun pangajaran carita pondok.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan secara husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh maké média *gambar beseri*
- b. Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung Taun Ajar 2018/2019 sanggeus maké média *gambar beseri*
- c. Bédana kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sanggeus maké média *gambar beséri*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat Tioritis dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan média, kaéfektifan média jeung kamampuh siswa nulis carita pondok, jeung salah sahiji inovasi dina pangajaran nulis carita pondok.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat teoritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis. Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan baris di pedar saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panulis, nambahan pangalaman ngajar siswa di sakola ngagunakeun média dina pangajaran nulis carita pondok.
- b. Pikeun guru, nambahan élmu jeung kaparigelan dina ngalarapkeun métode ogé média pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis carita pondok.
- c. Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kaaktifan diajar, motivasi diajar, jeung ngalatih cara mikir ilmiah sarta mikir kreatif dina prosés diajar basa Sunda hususna dina pangajaran nulis carita pondok.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta dina Bab I bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II ulikan tiori, raraga mikir, jeung hipotésis. Eusina ngawengku média pangajaran *gambar berséri*, kamampuh nulis jeung carita pondok. Dina bab ieu ogé dipedar ngeunaan raraga mikir, panalungtikan saméméhna jeung hipotesis dina ieu panalungtikan.

Bab III metode panalungtikan. Dina ieu bab dipedar desain panalungtikan, sumber data; populasi jeung sampel, instrumén panalungtikan, jeung analisis data anu ngawengku uji sipat data jeung uji hipotésis.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab diébréhkeun ngeunaan pedaran analisis data panalungtikan jeung hasil panalungtikan.

Bab V, bab pamungkas dina ieu panalungtikan. Eusina diwangun ku kacindekan anu mangrupa intisari tina sakabéh pedaran jeung rékomendasi ti nu nulis ka nu maca.